



Pou plis enfòmasyon  
rele 434-8789

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

*Distri lekòl rejyon Palm Beach la kwè nan prensip egalite pou tout moun. Komite distri a pa p fè diskriminasyon paspouki kont okenn moun sou baz ras, koulè po, sèks, relijyon, laj, nasyonalitye ni sou baz andikap, pou asepte ak trete elèv yo kòm sadwa nan nenpòt aktivite oswa pwogram nan.*

# VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK YO



## Manyèl enfòmasyon

***DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH***

## TABDÈMATYÈ

|  |    |
|--|----|
| Misyon .....                                 | 3  |
| Entwodiksyon VIPS.....                       | 4  |
| Prensip Distri lekòl la.....                 | 5  |
| Enfòmasyon enpòtan.....                      | 6  |
| Enfòmasyon jeneral.....                      | 7  |
| Kesyon ak Repons.....                        | 8  |
| Deskripsyon travay volontè yo.....           | 10 |
| Ti konsèy pou volontè travay ak elèv yo..... | 12 |
| Pou bay elèv yo atansyon endividyèl .....    | 14 |
| Karakteristik tout timoun.....               | 15 |
| Fòm oryantasyon ak nòt pou volontè yo .....  | 19 |

## N Ò T



Mwen te suiv seyans oryantasyon pou volontè nan lekòl piblik yo, epi mwen te li manyèl enfòmasyon an

NON: \_\_\_\_\_

DAT: \_\_\_\_\_

Dekoupe pati sa a voye bay kòdonatè/tris pwogram volontè nan lekòl ou a.

## JÈN TIMOUN KI POKO GEN LAJ ADOLESAN (ONZ AK DOUZ AN) YO

- bezwen santi fanmi yo renmen yo ak asepte yo jan yo ye a
- bezwen gen plis opòtinite pou santi yo endepandan
- bezwen afeksyon ak bon rapò zanmitay pou pi alèz ak granmoun yo
- pa renmen lè moun ap reprimande yo, kondane yo, ak imilye yo
- gen tandans ap demanti toutan epi pase moun lòt sèks nan betiz
- renmen kritike toutan, yo rebèl, ak maloblijan
- dwòl, yo parese ak doubout akoz y ap devlope rapid oswa twò vit

## TINEDYÈ KI GEN LAJ ADOLESAN (TRÈZ AN OSWA PLIS) YO

- gen yon pakèt chanjman fizik estwaòdinè k ap pase lakay yo
- koumanse gen menm kapasite pou panse menm jan ak granmoun
- kapab menm vin agresif nan chèche endepandans yo
- pa renmen santi yo sou lobedyans granmoun
- gen difikilte pou ajiste yo ak ipokrizi granmoun yo nan sosyete a
- siseptib anpil; sensib pou tout ti bagay ki fè yo mal, toujou pè pou moun pa pase yo nan betiz epi yo sansib pou popilarite yo
- pouse alekstrèm aktivite y ap fè, gen reyaksyon ak refleksyon emosyonèl, kapab vin atache a kòz ki gen valè, epi valè jijman yo plis ideyalis
- montre yo sansib anpil kont enjistis
- gen tandans konprann tout bagay nan lavi senp
- enterese anpil nan pwoblèm filozofik, rasyal, ak relijyon
- vle pran dwa granmoun yo pou deklare tèt yo endepandan
- bezwen pou gwoup zanmi yo aksepte yo jan yo ye
- bezwen konsèy nan men granmoun ki bon, ki pa p jennen libète yo.
- ap chèche ni depandans ak tout endepandans yo
- bezwen mwayen konstrikatif pou detann yo, sitou si se pou yon "kòz valab"

OU KAB FÈ YON DIFERANS



## MISYON

Komite Distri lekòl rejyon Palm Beach la angaje li pou ofri pi bon edikasyon posib ak preparasyon pou tout elèv jwenn konesans ak aprann teknik ak etik nesese k pa fòme yo kòm bon jan sitwayen responsab ak pwodiktif nan travay yo.

Distri lekòl rejyon Palm Beach la gen uit objektif ki sèvi pou tabli priyorite sistèm edikasyon an. Objektif sa yo endike domèn oryantasyon oswa pwèn konsantrasyon pou mezire pwogrè lekòl yo. Objektif sou patisipasyon kominotè a enpòtan anpil pou rapò ki genyen ant pwogram volontè nan lekòl piblik yo ak objektif Distri a pou fè pwogrè.

## OBJEKTIF ANGAJMAN KOMINOTÈ

Objektif patisipasyon kominotè sèvi pou ogmante patisipasyon paran yo, antrepriz yo ak lòt enterè piblik la pou patisipe nan reyalize ni amelyorasyon akademik, ni pwogrè nan domèn administrasyon ak nan domèn responsablite.

## ENTWODIKSYON

Pwogram mònité volontè nan lekòl leta yo te tabli nan rejyon Palm Beach la an 1972. Àne pase, te gen anviwon 35.000 monité volontè ki te fè kado plis pase 1.1 milyon èdtan nan lekòl nou yo. Sa reprezante sèvis ki gen valè plis pase 24 milyon dola kominote a te fè lekòl nou yo kado. Se atò kantite volontè yo ap ogmante! Sa vle di gen plizyè mil elèv ki te jwenn anpatikilye atansyon nesèsè pou ede yo fè pwogrè lekòl yo, epi gen plizyè santèn pwofesè ki te apresye anpil soulajman yo te jwenn nan travay yo gras ak volontè ki t ap ede yo.

Mònité volontè nan lekòl nou yo byen antrène. Yo se moun serye nan kominote a ki ap aprann enfòmasyon sou sa k ap pase nan pwogram lekòl nou yo, anplis sèvis y ap rann pwofesè ak elèv nou yo. Moun sa yo rive reyalize enpòtans ki genyen nan koumanse aprann bònè, enpòtans pwogram endividyèl yo ak kouman metye pwofesè a se yon pwofesyon ki mande anpil pasyans.

Nou apresye chak grenn moun sa yo ki nan lekòl nou yo, epi nou ankouraje yo ak tout kè nou pou yo patisipe nan pwogram mònité volontè nou genyen nan lekòl leta yo (abreje VIPS an anglè).



### *Timoun ki gen nèf ane...*

- gen yon lòt fason li konsevwa endepandans pou tèt li
- gen anpil motivasyon pou tèt li
- pa renmen lè moun entewonp li
- renmen pale tipawòl ansekrè
- byen konnen sa k bon ak sa k pa bon
- kapab dekouraje fasil fasil
- renmen fè konpetisyon nan lekòl ak nan jwèt epi li pa renmen pèdi
- kriye sèlman depi sitiyasyon an grav anpil
- kapab renmen enkyete anpil
- renmen fè moun plezi
- pa renmen mande paran l anpil
- fè bon zanmi onèt ki devwe
- plis enterese pale ak koute pase l travay

### *Timoun ki gen dis ane...*

- rilaks, senp ak eveye
- nan pi bèl epòk nan lavi yo
- renmen prensip lajistis anpil
- renmen tizanmi anpil
- bezwen fonksyone sou lè
- renmen rete deyò
- renmen anpil moun ki anvedèt k ap fè bèl bagay
- renmen kritike konpòtman pwofesè
- renmen pou pwofesè yo aji ak jistis

# REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

## Lwa 253 Volontè nan lekòl piblik

- Objektif.** Objektif lwa sa a se pou fè piblisite epi ankouraje volontè nan lekòl pou kapab amelyore epi ogmante patisipasyon sivik, paran, ak kominote a nan lekòl yo pandan n ap kenbe bon jan sekirite nan distri lekòl rejyon Palm Beach la. Lwa sa a, ki tabli plan pou volontè yo sèvi nan lekòl yo atravè Pwogram pou Volontè nan Lekòl yo, rele VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK ki genyen pou sig VIPS.
- Aplikasyon ak posiblite.**
  - Y ap aplike lwa sa a pou tout volontè ak moun ki pral volontè nan lekòl ki nan distri Palm Beach la.
  - Yo pa dwe aplike lwa sa a pou: moun k ap vizite yon lekòl pandan yon evènman espesyal ki fèt yon lè konsa, tankou lè gen yon konferansye, moun ki selèb k ap vini fè lekti, vini gade elèv yo k ap pèfòme, paran ak fanmi ki vini manje lench ak pitit yo, envite espesyal nan jou yo pale sou pwofesyon, vini patisipe nan konferans pou paran. Yo konsidere moun sa yo tankou vizitè lekòl la. Yo dwe siyen tankou vizitè nan biwo administrasyon an epi anplwaye lekòl la ta dwe ba yo enstriksyon. Yo pa dwe janm kite vizitè rete pou kont yo ak elèv yo.
- Lwa.** Komite dirijan distri a kwè lè yo itilize volontè nan lekòl distri a sa ap amelyore pwosesis edikasyon elèv yo ak ankouraje patisipasyon kominote a nan edikasyon. Komite dirijan distri lekòl rejyon Palm Beach ankouraje patisipasyon volontè pou kont li oswa an gwoup, nan tout pwogram komite dirijan distri lekòl la finansè nan lekòl lokal yo, nan biwo zòn nan distri a, ak aktivite komite dirijan distri lekòl finansè epi sipèvizè epi ki fèt andeyò lekòl, pandan oswa apre lè regilye lekòl.
  - Yon volontè se yon moun yo pa peye k ap fonksyone anba lòd distri lekòl rejyon Palm Beach.
  - Komite dirijan distri lekòl Palm Beach la otorize sipèntandan an ak reprezantan li pou yo apwouve volontè pou ede nan òganize pwogram lekòl lè yo soumèt yon aplikasyon, verifye dosye sou aksyon ilegal epi suiv yon oryantasyon pou volontè ak pwogram fòmasyon, jan règleman komite dirijan lekòl nan eta a ak lwa eta Florid mande sa.
- Pwosedi enskripsyon pou volontè.** Moun ki vle vin volontè dwe ranpli tout fòm enskripsyon ak konsantman depatman afè piblik/ Biwo pou patisipasyon kominote a.
- Kondisyon Volontè yo.** Yo kapab itilize volontè nan lekòl yo ede anplwaye distri nan lekòl lokal yo ak pwogram distri a Men se sèlman anplwaye k ap anseye ki kapab sipèvizè, dyagnostize, preskri, anseye epi evalye elèv yo.
  - Distri lekòl la kapab deside jan l vle pou li aksepte ak itilize sèvis yon moun ki vle volontè, men distri a kapab diskontinye sèvis sa yo nenpòt ki lè.
  - Volontè yo pa dwe angaje yo nan okenn aktivite politik oswa relijiye nan lekòl la oswa pandan y ap akonpli devwa distri a.
- Envestigasyon sou zak ilegal nan pase w.** Pou pwoteje sekirite elèv ak anplwaye yo, volontè yo dwe pase anba investigasyon dapre jan lwa Florid § 943.04351 mande l, koulye a oswa chanjman alavni
- Responsablite.**
  - Direktè/tris ak administratè yo responsab pou kowòdone ak sipèvizè volontè yo.
  - Direktè/tris ak administratè yo responsab pou idantifye ki travay pou volontè yo fè.
  - Depatman afè piblik/ Biwo patisipasyon kominote a responsab pou kowòdone dosye pase ilegal volontè yo.
  - Sipèntandan an dwe bay enstriksyon sou volontè nan lekòl yo k ap genyen ladan l men pa sèlman prensip sou analiz pi rijid si sa ta nesese.

OTORITE LEGAL : Fla. Stat. §§ 1001.41, 1001.42

LWA YO APLIKE: Fla. Stat. §§ 110.504, 766.26, 1001.43, 1012.01, 440.02, 943.04351

REGLEMAN KOMITE DIRIJAN EDIKASYON NAN ETA A Lwa 6A-1.070 and 6A-1.0502

ISTWA: 4/23/86; 5/06/2009

## Timoun ki gen sèt an...

- pa reponn tousuit lè yo pale avè l
- kapab bliye fasil fasil
- renmen goumen ak lòt timoun k ap jwe avèk li
- renmen jwe a de oswa an gwoup
- renmen sa k sanble ak maji, bagay ki pa fasil, ak fè koleksyon oswa echanj kat jwè bisbòl
- tifi yo renmen abiye, fè jwèt poupe, sote kòd
- renmen fè efò pou parèt bon timoun
- renmen plenyen oubyen fè kòlè
- panse pwofesè yo se pi bon moun ki gen sou latè

## Timoun ki gen uit an...

- renmen lajan anpil
- plenyen mwens osijè pwofesè l
- renmen sa ki chè ak sa k rapid
- kapab konsantre pi lontan sou yon sijè
- eveye, renmen zanmi, renmen moun -- kèk fwa li neglijan, jouda ak renmen replike
- vye kòmantè kapab fè l santi santiman l afekte fasil
- konprann enpòtans tan ak lajan
- renmen jwe angwoup
- kapab kritike jan frè l ak sè l ap aji
- merite pou al fè sonje tanzantan sa l gen pou l fè
- egzijan ak manman l
- pè kritik
- renmen lè granmoun fèl konpliman ak ankouraje l

# ENFÒMASYON ENPÒTAN

Tiliv sa a gen enfòmasyon enpòtan k ap ede w fè travay lekòl ou a mande w pou w fè a pi byen. Nou swete w ap konprann itilite tiliv sa a.

Nou konseye w anpil pou patisipe nan seyans antrènman ak oryantasyon pwogram volontè a konn òganize yo. Seyans sa yo la pou ede w santi w pi alèz kòm mònité volontè gras ak enfòmasyon anplis w ap jwenn yo pou ogmante konpetans ou nan lekòl. Seyans sa yo ap ba w bon zouti kòm ekipman pou fè travay la.

Nou swete pou tout volontè anpatikilye pase yon bèl eksperyans ak anpil pwogrè. Si ou ta gen plis keksyon oswa ou ta bezwen plis enfòmasyon, tanpri pa ezite rele kowòdinatè mònité volontè yo, oswa konsilte ak pwofesè w ap travay la, oubyen tou kontakte kowòdinatè pwogram volontarya nan distri lekòl la.

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn \_\_\_\_\_

Direktè/tris \_\_\_\_\_

Kowòdinatè volontè yo \_\_\_\_\_

Non pwofesè a \_\_\_\_\_

Klas \_\_\_\_\_ Nimewo klas la \_\_\_\_\_

Lè klas la \_\_\_\_\_

Jou ak lè travay \_\_\_\_\_

**\_ TOUJOU SONJE POU SIYEN NAN OFIS LEKÒL LA LÈ OU FÈK RIVE AK LÈ OU PRALE. PA BLIYE METE BADJ VOLONTÈ W SOU OU PANDAN OU SOU LAKOU LEKÒL LA.**

## **VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK YO**

**3300 Forest Hill Blvd. South Ibis "E" #50-116**

**West Palm Beach, FL 33406**

**Telefòn: 561/434-8789**

## **KARAKTERISTIK TIMOUN NIVO JADENDANFAN RIVE LAJ ADOLESANS**

### *Timoun ki gen senk an...*

- renmen ede fè travay nan kay
- pi renmen manman yo kòm paran
- bezwen moun ede yo ak gwo rad tankou chanday, elatriye
- pa renmen pale lakay sou aktivite lekòl yo
- pa gen anpil enèji pandan lontan
- alèz pou sòti nan aktivite pou pase nan yon lòt
- pa bay tan enpòtans
- pa gen laperèz pou anyen
- renmen poze anpil keksyon sou jan tout bagay mache
- renmen dekoupe ak fè kolaj
- renmen abiye toutan

### *Timoun ki gen sis zan...*

- kapab sèvi eseye sèvi ak zouti oswa meteryèl
- konsantre sou tèt li anpil, dominatè, enkoutab, ak agresif
- renmen tout pou li, bezwen se li k pou anvan tout bagay, se li pou renmen plis, renmen konpliman, ak renmen genyen
- gen pi bon konpòtman lè l deyò pase lakay
- otoritè ak renmen domine anpil
- renmen jwèt ki senp
- renmen fè konvèsasyon ki long
- renmen papa l
- pa janm fatige, toujou ap fè yon aktivite, doubout
- konn renmen pwofesè l

## POU TRAVAY AK YON SÈL GRENN ELÈV

Ou gen dwa rive nan yon pozisyon kote ou gen pou w travay ak yon sèl elèv an-patikilye ki bezwen atansyon espesyal. Èd espesyal w ap bay la kapab nan tout avantaj yon elèv ki ta gen pwoblèm absans oubyen ki ta gen difikilte nan yon pwoblèm kèlkonk. Pi souvan, elèv yo konn bezwen kalite atansyon sa yo nan gramè ak nan matematik, men li gen dwa nan nenpòt lòt matyè tou. Teknik nou pral bay la yo ta kapab sèvi w prenmye fwa ou ta twouve w nan yon sityasyon konsa.

- ⊖ Pa ezite di w pa kab travay ak yon elèv si w santi w pa fin konprann devwa elèv la ap fè a. Pwofesè a ap kapab konprann sa tou pou l chèche nan ki lòt domèn ou kapab ede.
- ⊖ Chèche pran bon espplikasyon egzant nan men pwofesè a.
- ⊖ Chèche nan klas oswa yon lòt kote yon kote ki pa gen bri pou w travay ak elèv la san rès klas la pa distrè w.
- ⊖ Fè yon ti pale ak elèv la pou yon minit sou pwoblèm li genyen an pou eseye tabli yon rapò pèsònèl ak li.
- ⊖ Chèche konnen egzakteman ki kote elèv la rive nan devwa li gen pou fè a oswa mande l pou l esplike w ki chapit li te wè anvan.
- ⊖ Kite elèv la travay pou kont li toutotan l kapab. Ankouraje, l men pa fè tout ti detay nan devwa a pou li.
- ⊖ Olye pou w bay elèv la tout repons kesyon yo, ede l reflechi pito pou l kapab jwenn repons yo poukont li.

*(Ki jan m kab fè soustraksyon pou m retire 82 santim nan \$1? Lè sa a monitè volontè a kapab reponn: “An n gade pou n wè, konbyen santim ki gen nan yon dola?” Nan yon lòt katalite devwa paegzanp, elèv la kab mande: “Ki moun ki te fè prenmye drapo ameriken an?” Volontè a kab reponn: “Eske liv syans sosyal ou a gen yon endèks pa dèyè ki bay lis tout mo ki ladann yo? Pètèt si w chèche ou ta kapab jwenn enfòmasyon sa a si w gade nan endèks drapo a.”)*

## ENFÒMASYON JENERAL

**PAKIN:** chak lekòl gen fason pa yo yo òganize pakin yo. Gen lekòl ki bay vinyèt pou pakin yo; gen lòt ki pa kite moun estasyonnen machin yo nenpòt ki kote. Tanpri mande kowòdinatè a pou l esplike w sistèm pakin lekòl ou a.

**ENSKRIPSYON:** Tout volontè dwe ranpli yon fòm enskripsyon anvan l kòmanse travay pou ede lekòl la. Lekòl la ap ede w ranpli fòm sa a nan konpitè.

**PREZANS:** Sa nou mande senpman se seryozite! Piske tout travay se travay, tanpri, fè moun w ap travay avèk li a oswa kowòdinatè pwogram volontè a konnen si w pa p kab vini nan jou oswa nan lè yo te deja konnen w ap la a.

**BADJ IDANTIFIKASYON:** Pandan w nan lekòl la, tanpri mete badj idantifikasyon w sou ou.

**DOSYE:** Distri a mande pou yo kenbe tout valè èdtan volontè yo travay yo nan achiv. Chak lè w al fè volontè ou dwe siyen lè w rive ak lè w prale, nan katab “VIPS Count” la.

**KONDUIT:** Konpòtman w dwe bay bon egzant pou ranfòse atmosfè pozitif ki dwe gen nan lekòl la pou sekirite ak byennèt elèv yo. Ou dwe reprezante yon modèl pou elèv yo, ou dwe rete yon egzant pou yo nan fason w abiye ak nan konpòtman w.

**MEDIKAMAN:** Yo pa pèmèt mònitè volontè yo bay elèv yo pyès renmèd.

**LAGE ELÈV:** Ou pa dwe lage elèv yo nan men pyès moun, eksepte bay pwofesè k ap sipèvize w la.

**DISIPLIN:** Se pwofesè a sèlman ki reskonsab pou disiplinen elèv yo.

**KEKSYON SEKRÈ:** Travay ou fè ak elèv yo nan klas yo dwe rete ansekre. Toujou kenbe obsèvasyon ou fè yo an pwofesyonèl. Yon mònitè volontè pa dwe divilge enfòmasyon sou dosye yo mete alapòte l pou l gade.

**AKSIDAN:** Rapòte imedyatman bay pwofesè k ap sipèvize w la kèlkelanswa aksidan ki ta rive yon elèv pandan se wou k ap siveye elèv la.

# KESYON AK REPONS

## 1. Kijan mwen kab vin fè yon volontè?

*Nenpòt moun ki enterese fè volontè kapab kontakte kowòdinatè sèvis volontarya a nan lekòl sa a oswa moun nan kab telefòn ofis pwogram volontarya lekòl yo nan nimewo 434-8713. Y ap mande pou w ranpli yon fòm enskripsyon pou bay lis nan ki sa ou kapab ede ak nan ki sa ou ta enterese ede, ki kote, nan ki nivo klas ak ki kalite èd volontè ou ta renmen bay.*

## 2. Ki kalifikasyon yon moun dwe genyen pou fè volontè?

*Tout kalifikasyon ki nesèse yon moun dwe genyen pou fè volontè se volonte w pou ede, senerite w pou deside ede elèv yo, kapasite pou kapab suiv prensip ak règleman lekòl la, ansanm ak dispozisyon w pou angaje w pandan yon tan byen detèmine. Kowòdinatè pwogram volontarya pou distri a oswa pwofesè a ou pral travay avè l la ap la pou ba w tout trèning ki ta nesèse. Ou pa bezwen se pwofesè pou w ye pou travay kòm volontè ansanm ak yon anplwaye ki se pwofesyonèl nan lekòl la.*

## 3. Eske m kab vin lekòl la ak tibebe?

*Non, si w gen tibebe ou pa p kapab vin lekòl la avè l paske sa ap reprezante yon pwoblèm responsablite pou lekòl la. Anplis sa tou, tibebe ap entewonp klas la fè lòt elèv yo pa kab travay, epitou sa ap fè ou menm volontè a pèdi konsantrasyon w tou pou w ta ede elèv yo a san pou san nan devwa pwofesè a bay la. Gen anpil volontè lekòl ki gen tibebe ki fòme gwoup gadri kowoperativ yo pou yo kapab bebisit tibebe yo youn apre lòt. Se volontè nan chak lekòl yo ki kapab pran desizyon sa a. Antouka, ou kab toujou aranje w ak lekòl la pou ede nan kèk travay menm pandan w lakay ou.*

## 4. Kisa pou m di lè zanmi ak vwazinay ap keksyonnen m sou lekòl la?

*Volontè yo kapab ede anpil nan reprezante lekòl la pou kominote yo. Okontrè se pou w pale yo de lekòl ak sa w ap fè nan lekòl la. Men si w gen privilèj tonbe sou yon seri “enfòmasyon prive” ki dwe rete sekrè, ou dwe nòmalman konsidere enfòmasyon sa yo kòm enfòmasyon prive ki dwe rete sekrè. Enfòmasyon prive ki dwe rete sekrè vle di: dosye elèv yo, nòt elèv yo, klas elèv y ap fè, konpòtman ak atitid elèv yo. Bagay sa yo enpòtan anpil pou lekòl la e pyès moun pa gen dwa pale sou yo andeyò lekòl la.*

*Yo pa p asepte pou w ap kritike oswa jaze sou do moun k ap travay lekòl la. Dyòb yon volontè nan lekòl la se tankou yon pwofesyonèl k ap travay ak lòt pwofesyonèl parèy li.*

**Ede elèv yo kenbe amoupwòp yo.** Fè elèv ti konpliman tanzantan. Atansyon ak efò gen tout enpòtan yo menm jan ak randman. Mete plis aksan sou sa ki pozitif yo, pa rete twòp sou sa ki negatif.

**Pran pasyans.** Tout elèv pa aprann menm jan ak menm vitès. Pi gwo rekonpans ou kab jwenn se lè elèv la fè pwogrè, menm si se yon tikras pwogrè.

**Li enpòtan pou toujou ap repete.** Chèche plizyè jan pou fè aktivite yo yon fason pou elèv yo kab repete sa yo aprann nan.

**Konplimante tout ti efò ki fèt yo ak senerite.** Konsidere tout erè ki fèt kòm okazyon pou eseye menm bagay la pi byen. Pa janm kite elèv yo konsidere erè kòm yon esperyans negatif.

**Si elèv la jwenn kichòy k ap distrè l nan fè devwa l, ou gen dwa ede elèv la reprann konsantrasyon l ak tikonsèy tankou:** “Ki rapò sa a genyen ak sa nou sòt pale la a?”

**Ou gen dwa mande pwofesè a pou w konnen alavans ki devwa k ap mande pou elèv la fè anpil lekti.** Lè w travay ak yon elèv pou w ede li konprann yon devwa l, ou ede elèv la bay bon randman pou jounen an lekòl li. Sa kab ede elèv la tou jwenn sa w ap chèche ki pi enpòtan an pou vin fyè de tèt li tou.

**Ou dwe gen seryozite.** Si yon jou ou pa p kab vini fè volontè, rele lekòl la mande pou yo avèti elèv yo pou fè yo konnen w ap absan pou jou a. Elèv yo gen dwa dekouraje paske ou pa p vini, men y ap wè ou se moun serye paske ou pran tan w pou rele fè yo konn sa.

## Lè w ap pale ak elèv yo:

Evite fè konparezon ant elèv yo ak devwa yo.

Kite elèv yo fè yon chwa si ou santi w kab dakò ak chwa yo a.

Eseye bay espikasyon klè tankou paegzanp: “Sèvi ak tiblòk yo pou fè yon kay”. Pingga voye blòk yo jete.”

Objektif ou dwe chita sou pwogrè.

# KÈK TI KONSÈY

*Lè w ap travay ak elèv yo, tabli yon atmosfè pozitif apwopiye pou ankouraje elèv yo aprann. Sa mande tan ak pasyans pou ni ou menm ni elèv la vin santi n alèz tankou de zanmi. Si w sensè ak pwòp tèt pa w, se ou menm kap fè prenmye pa a pou tabli atmosfè sa a. Men kèk ti konsèy ou kapab aplike pou fasilite sa lè w koumanse travay ak elèv la.*

**Non elèv la enpòtan anpil.** Fè atansyon lè w ap pwononse non elèv la pou w pwononse l egzakteman fason elèv la vle a. Aprann eple non elèv la byen.

**Aprann elèv la pwononse non w nòmalman.** Ou gen dwa ekri non w sou yon tikat oswa sou yon moso papye pou ede l.

Aprann koute elèv la byen. Montre w enterese pou konsidere elèv la kòm yon moun tou. Pran san w pou byen tandè sa elèv la ap di w. Poze l keksyon sou sa l pi renmen, sou moun nan fanmi li, sou bon zanmi l ak sou objektif li oswa ideyal pèsònèl li. Montre elèv la ou konsidere l nan sa w ap di ak nan jan ou aji. Evite pale sou vi prive elèv la, sof si se li ki ta vin sou keksyon an anvan. Sa gen dwa jennen elèv la.

**Tabli kòm prenmye objektif ou pou fè zanmi ak elèv la.** Sa ap nan avantaj pèsònèl elèv la. Elèv la ap pi dispoze aprann ak youn moun li santi l apresye.

**Mete w rilaks epi pa bay tèt ou manti.** Kenbe tanperaman w rilaks.

**Tabli bon relasyon w ak elèv la pazapa** pou l kontinye grandi nan fason ou aprann asepte elèv la, nan konfyans w ap mete nan kapasite l, non ònètè w, sansiblite w ak konfyans ou. Pa janm fè elèv la yon pwomès ou pa kapab respekte.

**Fè tèt ou travay pou kapab ede elèv la nan sitiyasyon li pa t prevwa yo.**

**Tout elèv konn fè erè. Fè elèv la konprann fè erè se yon bagay ki nòmal nan lavi, paske pa gen pyès moun ki fèt tou konnen.** Ou menm tou, ou pa bezwen pè lè w fè erè nonplis.

## 5. Eske m gen dwa chwazi ak ki pwofesè pou m travay?

*Yo bezwen mònitè volontè nan klas kote pwofesè bezwen yo sèlman. Se kowòdinatè pwogram volontarya a ak direktè oswa direktis lekòl yo ki deside nan ki klas pou mònitè volontè yo ale.*

## 6. E si mwen pa renmen dyòb yo ban mwen an?

*Ou gen dwa di sa san pwoblèm. Pale ak kowòdinatè pwogram volontarya a. L ap fè tout mwayen posib pou mete mònitè volontè a nan yon sitiyasyon k ap bon ni pou li ni pou travay la. Gen ase travay pou tout moun kapab santi yo alèz. Pwofesè yo tou gen dwa mande pou yo bay mònitè a fè yon lòt kalite travay.*

## 7. E kesyon disiplin nan?

*Legalman, se pwofesè yo ki reskonsab kesyon disiplin yo. Mònitè volontè yo pa dwe janm asepte vin nan pozisyon pou ap disiplinèl elèv. Si w ta gen pwoblèm sou sa, fè pwofesè a konn sa imedyatman.*

## 8. Ki sa pou m fè si m pa kab ale nan lekòl la nan lè mwen te gen pou m pase a?

*Depi ou ta reyalize ou pa p kapab rive lekòl la nan lè ou te prevwa a, ou gen dwa telefònè lekòl la pou fè yo konn sa. Pwofesè a toujou tabli orè travay li dapre lè ou di w ap kapab vini an. Men si posib, eseye kenbe orè lè w di w ap vini an.*

## 9. Ki enpòtans sa gen pou m siyen lè m fèk antre ak lè m ap sòti lekòl la kòm volontè?

*Gen plizyè rezon ki fè sa nesèsè, tankou pa egzantp pou kontwole sekirite nan lekòl la, pou konfime sèvis mònitè volontè yo bay eksperyans yo genyen nan fè travay la; sa kapab sèvi yo alavni nan fasilite yo jwenn yon dyòb, pou rezon asirans, sizoka w ap resevwa you kout telefòn an ijans yo kab kontakte w, ak pou kapab rekòntè merit moun k ap fè yon bon travay pou devouman yo. Sa kapab l pèmèt lekòl ou a kalifye pou resevwa prim kòm pi bon lekòl depatman edikasyon eta Florid la bay chak àne pou pi bon pwogram volontarya a.*

# DESKRIPSYON TRAVAY VOLONTÈ YO

**EDE NAN KLAS** pou fè travay sekretè, travay ak elèv yo pou ranfòse espikasyon pwofesè a bay la. Sa pèmèt pwofesè yo jwenn plis tan pou travay pwofesyonèlman nan klas yo ak chak grenn elèv anpatikilye.

**EDE NAN TRAVAY ATIZAY AK LÒT AKTIVITE** pou ede elèv devlope kreyativite yo nan jwenn opòtinite pou dekouvri ak devlope ladrès yo ak talan yo. Volontè kab ede pwofesè yo prezante materyèl ki eksplike jan pou fè atizay oswa pou ede elèv yo travay sou pwojè yo.

**EDE NAN BIBLIYOTÈK LA** pou ranje etajè liv yo, katalòg yo, ede moun kap prete liv lè sa nesèsè, fè envantè, fè ti travay antretyen senp, sèvi ak ekipman, epi travay pou ede bibliyotèk lekòl la nan lòt aktivite li ta bezwen fè.

**EDE NAN KLINIK** la pou travay selon sa direktè oswa direktis lekòl la di pou fè pou ede elèv yo sou zafè lasante yo. Volontè yo kapab ede nan egzamen je ak zòrèy k ap fèt nòmalman pou tyeke vizyon ak tandè elèv yo. Yo gen dwa ede tou nan pran pwa ak mezire wotè elèv yo ansanm ak tout pwogram fliyòrid la pou tyeke kondisyon sante dan elèv yo (abreje SWISH an anglè). Volontè y ap ede elèv epi yo kab kenbe rejis sèvis elèv ki vin nan dispansè lekòl la resevwa.

**EDE NAN LESON LANGAJ/LEKTI** pou ede ni pwofesè yo ni pwofesè espesyal la nan fè lekti ak elèv yo pou ogmante ladrès langaj yo nan tandè, pale, li ak ekri. Volontè yo kab ede pwofesè yo nan li ti istwa pou elèv yo, swa angwoup oswa anpatikilye, konseye elèv yo pou yo li pou kont yo oswa ede chak grenn elèv separeman.

**EDE NAN LESON MATEMATIK** pou travay ak pwofesè klas matematik yo pou bay chak elèv èd separeman.

**EDE NAN KLAS EDIKASYON FIZIK** pou ede pwofesè yo nan bay plis kalite plizyè egzàn ak eksperyans edikasyon fizik pou elèv yo. Volontè yo travay tankou yon asistan nan ansèyman pou kap prepare materyèl pou enstriksyon, k ap ede montre teknik, oswa k ap ede chak elèv separeman.

**LEKTÈ VOLONTÈ** yo la pou ede li istwa pou ti elèv nan klas jadendanfan yo rive jis nan klas dezyèm àne, yon fason pou kapab ede elèv yo apresye valè fè lekti depi yo tou piti.

**VOLONTÈ NAN AKTIVITE ESPEYAL** yo la pou ede nan pwojè ak aktivite espesyal k ap fèt yo. Gen dwa se patisipe nan komite *ad hoc* (oswa espesyal) yo, nan asosyasyon oswa òganizasyon paran ak pwofesè (abreje PTA/PTO an anglè), oubyen tou nan komite-pou ede nan aktivite atizay, nan ekspozisyon sou pwofesyon yo, nan pwomnad yo ak nan lòt aktivite lekòl la ap òganize.

**VOLONTÈ ASISTAN NAN EDIKASYON ESPEYAL** yo travay ansanm ak pwofesè a pou ede fè edikasyon chak grenn elèv ki nan pwogram espesyal sa a.

**VOLONTÈ ESPEYAL** yo la pou pale nan klas yo oswa ak gwoup elèv sou sijè ki gen rapò ak kesyon kominote a. Volontè sa yo gen dwa tou se biznisman pwofesyonèl oswa ki retirete tou ki kapab vin pataje esperyans karyè yo ak elèv yo.

**VOLONTÈ KONSEYE** yo se volontè ki la pou kominike ak timoun yo san se pa sou koze lekòl senpman. Volontè sa yo kab pale ak timoun yo, rakonte yo istwa, oswa tandè sa timoun yo gen pou di tou. Gen yon pwogram pou aprann koute sa timoun ap di menm (*Listen to Children*, an anglè) ki mande pou moun al pran yon antrènman espesyal nan sant asosyasyon pou ijyèn mantal la.

**VOLONTÈ JENERAL** yo la pou ede nan plizyè kalite travay nan lekòl la tankou kontwòle koulwa lekòl la, travay nan ofis lekòl la oswa nan bibliyotèk la, nan dispansè oswa nan klas lekòl la. Volontè jeneral yo pa gen yon kote fiks oswa yon travay fiks.

**VOLONTÈ NAN KANTIN** yo ede kontwòle kafeterya lekòl la dapre regleman lekòl la sou sa. Pandan rekreyasyon, volontè lekòl yo la pou ede mete disiplin, ede timoun yo si nesèsè oswa ede lòt anplwaye lekòl la pou amelyore aktivite yo.

**VOLONTÈ KONSEYE** yo la tankou gid pou travay nan tout rejyon an ak elèv ki entelijan ak kreyatif anpil yo. Volontè sa yo oswa gid sa yo reyini yon fwa pa semèn ak chak grenn elèv sa yo pandan anviwon 10 semèn konsa pou travay sou yon pwojè kèlkonk ki enterese yo.

**ASOSYASYON NAN BIZNIS** se yon pwogram ki gen yon baz byen laj ki la pou ankouraje patisipasyon lekòl nou yo nan biznis. Pwogram sa a fèt sou baz echanj resous ak moun ant lekòl la ak yon biznis pou fè: fòmasyon pratik youn a youn pou elèv, konferans ak prezantasyon nan klas, dekorasyon pou pwofesè ak/oswa elèv, pwomnad, ekspozisyon travay elèv yo, jij nan konkou ant elèv yo, oswa tabli pwogram byen detèmine lekòl la ap fè ak youn nan konpayi sa yo.

**KOMITE KONSÈY LEKÒL YO** ( abreje SACS) la pou fè eleksyon manb ki dwe reprezante tout kalite elèv nan efektif lekòl la ak moun nan zòn kote lekòl la ye a. Volontè nan kominote a gen dwa enterese tou pou vin fè pati manb komite a. Komite sa a fonksyone kòm yon resous anplis pou direktè a ak lòt manb nan lekòl la ki dwe travay an ekip pou devlope plan amelyorasyon pou lekòl la.